

Konprann Nivo Alèt yo pou COVID-19 nan NYC

Nivo Alèt	Kisa sa a vle di*	Kisa moun New York yo dwe fè
Wo Anpil	Gen yon pwopagasyon kominotè COVID-19 ki wo, epi sèvis swen sante yo akable anba ka COVID-19.	<ul style="list-style-type: none"> • Pran tout dòz vaksen kont COVID-19 yo pou w rete ajou: Pran vaksen ak piki rapèl. • Mete yon kachnen nan figi w lè w nan tout espas piblik ki anndan ak espas deyò ki gen foul moun yo. • Evite aktivite ki pa esansyèl yo ak espas ki gen foul moun yo. • Maksimize distans sosyal nan tout espas piblik yo, ki gen ladan espas travay yo. • Fè tès si w gen sentòm yo, ou te ekspoze, ou te vwayaje, oswa ou te an kontak ak moun ki p ap viv nan menm kay avèk ou. • Rete lakay ou nan mezi sa posib, sitou si w malad oswa ou te ekspoze.
Wo	Gen yon pwopagasyon kominotè COVID-19 ki wo, epi gen anpil presyon sou sistèm swen sante a.	<ul style="list-style-type: none"> • Pran tout dòz vaksen kont COVID-19 yo pou w rete ajou: Pran vaksen ak piki rapèl. • Mete yon kachnen nan figi w lè w nan tout espas piblik ki anndan ak espas deyò ki gen foul moun yo. • Konsidere evite aktivite ki gen anpil risk yo (tankou rasanbleman nan espas anndan ki gen foul moun). • Limite rasanbleman yo a yon ti gwoup. • Fè tès si ou gen sentòm yo, ou te ekspoze, ou te vwayaje oswa ou te patisipe nan yon gran rasanbleman. • Rete lakay ou si w malad oswa si w te ekspoze resaman.
Mwayen	Gen yon pwopagasyon kominotè COVID-19 ki mwayen.	<ul style="list-style-type: none"> • Pran tout dòz vaksen kont COVID-19 yo pou w rete ajou: Pran vaksen ak piki rapèl. • Mete yon kachnen nan espas piblik ki anndan yo kote ou pa konnen estati vaksinasyon lòt moun yo. • Fè tès si ou gen sentòm yo, ou te ekspoze, ou te vwayaje oswa ou te patisipe nan yon gran rasanbleman. • Rete lakay si ou malad. • Si w pa vaksinen oswa ou gen anpil risk pou w malad grav si w trape COVID-19, oswa si w ap travay, ap viv oswa ou an kontak ak moun ki gen anpil risk yo, pran plis prekosyon (pa egzanp, evite espas anndan ak espas deyò yo ki gen foul moun).
Ba	Gen yon pwopagasyon kominotè COVID-19 ki ba.	<ul style="list-style-type: none"> • Pran tout dòz vaksen kont COVID-19 yo pou w rete ajou: Pran vaksen ak piki rapèl. • Konsidere mete yon kachnen nan espas piblik ki anndan yo kote ou pa konnen estati vaksinasyon lòt moun yo. • Fè tès si ou gen sentòm yo, si ou gen anpil risk baze sou laj oswa pwoblèm sante ou deja genyen oswa ou te ekspoze resaman. • Swiv tout gid yo pou izòlman ak karantèn, ki gen ladan mete yon kachnen. • Rete lakay si ou malad. • Lave men ou.

*Nivo pwopagasyon kominotè a baze sou endikatè yo ak nivo kominotè COVID-19 selon Sant pou Kontwòl ak Prevansyon Maladi (Centers for Disease Control and Prevention, CDC) . Pou w jwenn plis enfòmasyon, ale sou [cdc.gov/coronavirus/2019-ncov/science/community-levels.html](https://www.cdc.gov/coronavirus/2019-ncov/science/community-levels.html).

Depatman Sante NYC a gendwa chanje rekòmandasyon yo pandan sitiyasyon an ap evolye. 3.4.22